

Pembantoe sareng
agen:
Priangan kclon
M. Sahari - Bogor

Priangan tengah
H. B. Pasoendan
Bandoeng

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjatak di Soekopoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng
agen:
Priangan wetan
M. G. Kartatmadja.
Tjiamiz.

Djawa wetan:
Biaoeran G II No. 33a.
Soerabaja.

LANGGANAN.
Pangmiraha dina 3 sashih f 1,50
Sataoen f 5,-
Dibajar ti pajoen, Salambar 15 sen.

Redactie:
Galoenggoengweg 49.
Administratie:
Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redakteur:
ATM WINATA
SOETISNA SENDAJA
Redakteur di Batawi
SOERIADIRADJA.

Directie:
Bestuur Pasoendan Tasikmalaja
Administrateur:
K. MARTAKOESOEMA.

Pangaoe ADVERTENTIE:
1/10 katja f 2,- {
1/33 " f 1,25 } Sakali moeat:
Langganan langkoeng mirah.

Aksara Soenda

Geus sabaraha taoen hilana ti wak-toe aja perang penab antara Djoer. Kd. Ardiwinata djeung Djoer. Poera-diredja?

Goeroe^e anoe maraos Pauengtoen Kamadjoean meureun aroeningaeun, keneh, boa noe ngampihan mah aja keneh, ngan kari ngoengkab.

Ajeuna noe rea bisa ojaksian mana diantara eta doea djago, kabeneran doeana President mantan Pasoendan, Hoofredacteur Soenda di Volkslectur, anoe sapatotos djeung kaajaan oemoem.

Sabab ari salah benerna mah geus pandjang lebar bareto oge dibedjer beaskeun.

Koe ingetan ajeuna mendjeuhna di tanja raga ka tineungna oeraug, moen enja onaman banda oerang Soenda toeten.

Kadioeroeng koe oesoem, oesoem ma djoe njaah ka baroedak, leutik-leutik geus sangsara, dikakaja dihadja, klot rek modaran anak.

Geura moerid-moerid H. I. S. dia-diar 3 hasa ditambah sina ngadjii ka Madrasah diadjar aksara djeung bawa Arab.

Geura taloengtik sing sidik, waktue ajeuna aksara Soenda teh kapukena ngan di sakola woengkoel, tjoel ti di-nya mah boa sataoen sakali ge noelis atawa matja moenggoeh noe rea mo-al.

Djadi ana kitoe, baroedak teh ngabeulakeun pangadjaran anoe teu sakoe-maha stava henteu pisan perloe.

Pangadjaran anoe leuwih perloe ti eta, atawa anoe aja baris kapakena kahareup, henteu diadjar.

Oepamana bae keur sakola desa djaba ti matja noelis ngitoeng diadjar bawa Malajoe ngingetkeun bisi kapak-sa koe heureut pakeun ngantjik di lemboerna, njaba tea piudah, koeli ka Batawi djadi patoekangan djeung sa-bangana.

Atawa elmo boemi P. Djawa ka-toet rasantjanga babad.

Oelah noe djero-djero (geleerd) saka dar anoe perloe baris hiroep koem-boeh.

Di sakola klas-2 diadjarkeun pikeun ngaganti aksara Soenda tea, oepamana Babaj P. Djawa atawa koemperi ka Bindis?

Basa Walanda saperti leervak, be-ginselen (adegan) economie atawa landb. economie.

Ari di H. I. S. diganti koe Basa Walanda, malah bawa Soenda atawa Malajoe leuwili hado leungitkeun joge teu naon-naon, tapi bisi ngadjengok teuing mah bawa Pribumi djeung Malajoe oge dijadikennana di kelas 5 djeung kelas 6 atawa di kelas 6, 7, di mana bae snepaja peri atawa oeko-eran pangadjaran, sareoa djeung Europeesche School pikeun neroc-keun ka sakola sakola loeboer oleh „diganda“ eukeur mah economie eleh.

Toeloejna pet adjarkeun ari di Sa-kola pigoeroesun atawa Osvia mah, aksara Soenda teu.

Tapi pangadjaran di Kweekschool koedoe boeroe boeroe saperti di Osvia ija eta ti Mulo sarta. hilana oge saperti keur Hulpektea teu montong aja H. K. S. deui.

Boa rea noe ujangka jen aksara Soenda teh toetoeroenan, djiimat anoe teu beunang dijoesl dijhaar tea, malah aja oge noe njeboet kana aksara Soenda saperti kana tetenger roeangan karoehoen, oleh gana-gana ngareeksak sareoa bae djeung mitah dibongkar. Auggoer toeroetan toeh Tjina, Japan.

Tjeuk saha, omong saha madjar

toetoeroenan.

Moen enja ge meureun, oerang Badoej aja noe njaho atawa tjing ta-njakeun.

Djeungna deui geura tanjakeun ka shli Babad, deukeutna ka Batoe toelis.

Poesaka, bener koedoe dikookocean disiohoenkeun tea mah oepamana, ta-pi diadjarkeun ka sakola desa djeung sakola klas 2 atawa H. I. S. mah a-sa koedoe ngadjarkeun asihan-asihan atawa njonjoren isim atawa keris pe dhijmat.

Saha noe sok make keneh?

Moen enja ge oerang Soenda ngako, make kana toetoeroenan meureun Poesaka Soenda make aksara Soenda Hale Poestaka noe ajeuna basa Soenda dikamoedi koe Djoer Poeradi-redja anoe teu moefak kana ngaleungit-keun aksara Soenda boekoe-boekoe nofikasi ngaleurkeun make atawa aja aksara Soendana. (Rombak aksara Su Corr.)

Naha teu diparake?

Mama mesin toelis aksara Soenda.

Mama Cursus aksara Soenda.

Anggoer indit ka cursus Stenogra-fie.

Moen enja ge inget njaah kana kabangsuan meureun soerat di kantor post aja poeloehuwa persen anoe ditoe-lis koe aksara Soenda papada oerang Soenda.

Saha ajeuna noe sok matja djeung noelis aksara Soenda?

Eweuh deui ngan boedak sakola bandap (desa klas 2, H. I. S.)

Djaoa tinja?

Ngan theori woengkoel njaah, tjinta ka bangsa teh.

Perloe ari theori diadjarkeun ka ba-roedak? (Tjeumpal aksara Soenda) ti sakola mah Corr.)

*

Toeroetan Tjina djeung Djepang!

Poegoeh bae moen merdika mah tja batoer, tjoetjog, pek atoeh tjoekot merdika teh kadinja, djeun dina oen-dang-oendang teu meunang make ak-sara lian ti aksara Soenda?

Loetjoe temen meureun verslag di-toelis koe aksara Soenda (Hal! Hal! zetter).

Pangua Djepang Madjoe teh ngagogoeleng aksarana babeula?

Moen enja koedoe ngagogoeleng aksara Soenda kira-kirana nia Propa-ganda ka oenggal bangsa hal oerang Soenda? (koran, boekoe ditoe-lis dina eta aksara.)

Bon bangsa di Indonesia boh ka bangsa sadeunja tjing manahan.

Naon atoeh maksoedna oerang dia-djar noelis, djeung matja teh.

Djeung koedoe koemaha ari noelis koedoe koemaha ari matja.

Noelis teh lain oepoja oerang bis-ngedalkeun pikiran (piomongeun) oer-ang koe tanda?

Noelis teh lain koedoe alos (oeni) djeung gantjang?

Stenografie teh naon?

Matja teh lain keur nganjahokeun omongan (pikiran) batoer

Matja teh lain koedoe saperti noe ngomong (moongan atawa pikiran) rek dikanjahokeun.

Moen asak atawa bener diadjarne beroedak tina ieu doea pasal, perloe deui diadjar neope-roope aksara.

Eta keneh, eta keneh ongkok.

Pantes merenah pisan, oerang Soen da diseboet hese madjona, da geus poegoehun basa koe kapaksa, noelis-na djeung matjana oge balik deui ha-lik deui kawas noe sasab, ha na, tja a, b, c. — alip, be, the, Eta tja, c. the maksoed?

Ari heg teh baroedak noe koedoe ngalampahkeun teh, estoe rek dipoda-ran.

Leetjoe eta postra Djoer. Anoe, bo-

jak nongtot leho keneh geus tabah (lesang) sipat doea poeloeh samareok lain apal-apalan kawas moemoendi-ning tea, lain ari njaho atawa apal enia mah.

Malikan deui siwangbalikan anoe ta-di dileungitkeun oge basa pribomi djeung Malajoe di H. I. S. teu naon-noon.

Siga noe rek ngaleungitkeun ka-bangsaan.

Ari noe ngahoodangkeun kabangsuan an te, eta tea noe sok koeroeng batok toekoh tjiwoeroej, ngomong Soenda woengkuel, make aksara Soenda doang?

Tjing pilihan, illikan, lenjepen, toeh geuning anoe tarabah bawa Walanda anoe ti leuleutik sakola Walanda, a-noe ka nagara deungeun anoe ning-galeukun Poeseur kabangsuan anoe ngahoodangkeun, noengtoen bangsan teh.

Sanadjan djaradi Mr. Dr. Ir. oge koering jakin jen moal pohoeun ka lembah tjaia mah ka bangsan teh.

Soegan tjoekop koe sakieu katran-geun tina hal aksara Soenda.

Kitoe deui bisi aja atanapi rea ke-neh noe teu panoedjoe kana leungit-na diantos katrangana.

Disiohoenkeun ka saoko noe nja-ah ka bangsan, komo eta mah ka goeroe-goeroe, sababna njaeta anoe „bevoegt“ njeboetkeun perloe henteu dileungitkeun aksara Soenda atawa hal basa di H. I. S. proeng barem-pagkeun, engke di mana rea noe moefakat geura mangga voorstel koe P. G. H. B. West Java tina Rooster sa-kola noe disebat.

Odeog.

Ngiring bingah.

Waktos kapoengkoer di Tasikmalaja, aja soerat kabar, anoe titelna „Panglima“ djisim koering ngiring bingah, koe ngudegna „Panglima“ nja-eta hojon ngiring celoe-bioeng nempoeh dijalanan kamadjoean.

Koemargi eusina roepi-roepi nase-hat sareng kabar-kabar anoe penting, tangtos matak njenangkeun kana peroehaan, kitoe deui terang kana kadjadian-kadjadian ti sedjen tempat.

Malah harita emoeitan bade langga-nan, namoeng kakara oge njeboetkeun tjontona salambar heu-leut doea, tiloe sasih, aja wartos Re-dactiens, di

Ari tjeuk djisim koering koe naon marginia? tjeuk wartos mah, ka kantor tjitak kana sewaan gedong, ka toko beans ka toekang-kajoe enz. Toengtoengna aja noe ngadakwa, doegi ka lebet ka hotel perlio! „Masja Allah“ („Panginten ari kitoe mah djalannu“)

Tjeuk emoeitan djisim koering anoe bodo, kapan andjeunia teh pinter!

Geuning, ngamoeatkeun karangan-karangan (nusehat nasehat) anoe parenting oge, sakitoe etjensna!

Naha kari-kari andjeunia pribadi,

anoe lepat makena (ugadjalankeuna-na), bisa magahan ka batoer andjeunia sorangan anoe koerang boedina.

Atoeh soerat kabarna oge moelih ka djati, moelang ka seal, asalna teh aja, dijadi henteu „njondong“

Kabehdieunakeun dina sesih Juli

tahoen 1924, Pasoendan Tasik, ngalampahkeun soerat kabar, Titelna „Si-patahoenan“ anoe dipimpin koe Djr. Bestuur Pasoendan. Tah didinja dji-sim koering „Ngiring Bingah“, soeg-an ieu mah awet oemoerna!

Namoeng! djisim koering teu atjan boeroe-boeroe ngalampahkeun, nja-eta

inggis bisi sieun pondok Joeswana, sapertos noe kadjantenan sapertos „Panglima“ henteu awet oemoerna. Tjeuk emoeitan keun bae sina hoevip, sina lintoeh heula

Beuki dieu parants nintjak kana ta-hoen 1925, ditengah-tengah dikoe-ping-koepingkeun beuki madjeng, teu aja koetjewana, hiroepna moeloes teu aja panjerewedan.

Lami-lami djorodjoj emoeitan bade langganan, nya teras dilaksanakeun.

Maksad djisim koering manawi kempagan koe sadajana djoeragan-djoeragan anoe mangkoe ieu serat kabar, sareng ka djoeragan-djoeragan anoe langganan miwah wargin-wargin soemawonten eta mah oerang kota Tasikmalaja, „Mangga oerang sasaran, ngadeudeul ngarodjong, soepa-dos „Sipatahoenan“ tiasa awet oe-moerna moeloes, loeloes hiroepna.

Henteu aja sanes lian ti kedah sososon ngamadjengkeun, babakoena koe langganan langgananana, oerang pa-da satia ngabajeun.

Koe djisim koering, moal pendjang

dibedjer-beaskeun, margi sadajana oge tangtos aroeninga, tangtos tar-ningli jen dijalanna hiroep teh kedah tedaean, mobiel oge, kedah aja ben ziana kitoe deui karetapi api, kedah aja arengna kakara tiasa leumpang.

Gege denen ka wargin-wargin oeraug

Tasik, piteoin, poma-poma arandjeun sarera oerang sasaran ngalanggan serat kabar „Sipatahoenan“ Margi ieu teh kaperloean andjeun sarera, pibatoereun geusan njalooeh, piwakileun andjeun tjetjarios, aja kitoe aja kieu, naon bae maksoed oerang moal bese, moal tjaape

Sakitoe bae heulaan oepami di-widjan koe djoeragan Redactie kapa-joen di tambihan deui.

Djisim koering,
Orang Tasik piteoin.

Panjamboeng.

Nochoen kana pangadjakna oerang Tasik piteoin, moegi oerang Tasik noe teu atjan ngilanggen Sip. oelapi api leui bae ka koran Soenda teh, da-geuning teu atjan seueur koran Soenda teh.

Red.

lingakeun kalakoean batoer salenboer, lamoen perloe beunang oge dihoe-kem (kos K. Kl. Kl.)

Naon-naoan anoe matak pikatjoea-eun djelema, beuki digogoreng sangkan tambah ngewa.

Di tempat-tempat anoe loba oerang Afrika (neger), elid-elid dikoedoekueun noeloengen bangsa koolit poeth.

Dimanana, lamoen sukira-kira loba pikacentoenganeunana tah di dinja djelema-djelema dihoetjeliekeun sangkan ngewa ka oerang Afrika, anoe dijarah tangtoe soepaja manehna paoe.

Lamoen aja tempat anoe djelemanan njekek Agama Katholiek, geuwat Ku Klux Klan njeun propaganda anti Katholiek.

Mimitina mah koe oerang Amerika teh, dianggap heuheurenjan bae, sagan-kalakoean pakoenpoelan Ku Klux Klan teh. Tapi beuki lila beuki pohara datang ka inateuhnu.

Djalma-djalma noe dihoeboem koe Ku Klux Klan benki lila beuki rea.

Ieu pakoenpoelan teh hajang ngabasmi djalma-djalma anoe lampuhua hanteu samoerna.

Djalma-djalma anoe baris dihoeboem didatangkan ka imahnna aja koe 12 nepi ka 16 djelema, sarta teroes dibawa ka noe singkoer, teroes ditrandangan sanggeus poes, ditarung-galkeun.

Sababaraha kali datang k^asok disiksa. Lamoen aja noe baha, sok nepi ka perang leutik, malah sok aja noe paeh.

Sanggeus pohara ngaraksoekna, kakara pamarentah nemboukeun kakerasanana. Kapala-kapala Ku Klux Klan ditangkeun. Dina djero satoen aja 12 noe geus diaosepkeun kaboei. Sanggeus ditangkeun kitoe, kakara eurenn ngahoekeman djelema teh. Sihoreng kapala kupulana teh bangsa djalma borongan woengkoel, boekina sanggeus djenia-enja mah dilawan teu deui-deui ngalakoeun kakarsan teh.

Dina waktoo ieu pakoenpoelan Ku Klux Klan, moal ngadjalankeun deui kalakoean saperti katoekang-toekang, tapi rek miloe oeloebioeng kana politiek. Sartu kahajungan dina perkara politiek oge djadi pangpoendjoelna ti antara partij-partij sedjen.

Di sahidi-hidjieun tempat katepi oge toedjoeanana teh, ari lantaranana pohara akes djalamanan dina perkara propaganda.

Tapi handjakal, kapoendjoelanana teu lila. Ari noe djadi lantaranan pilihian Goeperner, djago djago ti Ku Klux Klan e^h, koe moeselma anoe kakontjura, nja eta koe Goeperner Texas ajeuna djeung Attorneij-Djendral.

Dina oenggal-oenggal koempoean rasiah Klux Klan salawansna sok aja bae spion-spion ti piluk moesochna (Goeperner anjar).

Koe lantaranan kitoe pamarentah ajeuna njaho ka sakabeh elid Klux Klan. Malah ngaran-ngaranna geus diawarkeun ka sakabeh djalma di Amerika.

Dina waktoo ieu pohara keur goedjroedna di Texas teh.

Tah sakitoe tjariosanana toean Forster teh.

Di tanah batoer mnh koempoean rasiah teh sok katjida matak ngagodjroedkelanana. Ieu minangka keur tjioto di oerang ngabasni pagoejoeban rasiah noe boga maksoed djalhat kabangsana atawa ka papada manoesa.

Tina Ind. Crt. O. J. E.

Paparin ti Ejang.

Sanerna: denegekeun beroedak.

1. Enja-enjana mab, noe matak se-nang noe matak soesah oge, teu aja deui ngaj koo lakanpanhan sorangan.

2. Lamoen geus beuk ngadjalan-keun ihiat, kakara narima kaua ka-

dar, papasten Pangaran.

3. Kadjeun roegi sacutik, ari haris njanghareup kana oentoeng gedje mah.

4. Moengkoech djelema anoe her-olmo, saben mebit, saban djam, hen-teu weleh neangan kainangpaatan.

5. Pamikirua anoe berakal, dipasih-an oemoer pandjang teh, leuwih leuwih ti dipasih-an modal r^epa doe-nya.

6. Sⁱgala noe kanjabnan koe panggahots, (pantjadrus) lamoen leu-keun dititenan sabab-sabab, kabeh oge mangpaat, bok pikeun doenga bok pikeun aherat.

7. Lamoen hideng kana kahajang batoer, di mana-maua oerang aja kahajang, moal hese.

8. Pagawean andjeun koedoe di anggap kani'matan anoe geje, lamoen henteu varima, matak noeug-toen kana kaarsa.

9. Neangananah hese, ari geus aja babari dipitjeunna, tapi koedoe inget kana hesera.

10. Milih anoe halal, noe datang-na kalkuan karidoan, -koe andjeun koedoe diterime djeung kaboengahan.

11. Kahajang andjeun, koedoe di-boktekeun kalawan pagaweanana, lamoen kahajang woengkoel moal bisa djadi.

12. Tjarita hareupeun djelema lo-ba, oeloh karesep (kabogob) sorangan bae, anoe ditjarakteun teh, lamoen henteu bisa tjartia noe oemoem leu-wih hade tjtiring.

13. Kasua maksed batoer, anoe pasal oemnom, oeloh dipegeatan, na-ning anoe ngalanggar wet Agama (drigama) koedoe dilarang.

14. Ari barang bere kadjeun sa-eut-saeut dapon mindeug.

15. Lamoen andjeun henteu mikahajang ka noe baris mangpaat „au-djeun budo".

Mo. Sa.

Baris di samboeng.

? Mangga kantoen ngadjalankeun.

Red.

Bapa Kalo contra si Kalo.

Soekoer!!! Lo, silaing geus boga pa-milah kitoe, bener eta paham teh, jen lamoen djalwa resep tjiatjampooran gaoel baoer djeung pada kaela, di barengan djeung pamilihna tungtoe jadi kaoctamaan, sabalikna lamoen henteu tinemoe suratua, wande tine-kanan tjlaka, djadi ana kitoe tinu-bangan bapa, hiroep teh sameuhem oe-rang ngandoeng karep sagala roepa-h^okoedoe noengtoet njiar elmoena heula, oeloh njorung paribus toeng-goel di paroed tjatang diroempak, ngookoer ka koedoen nimbaeng ka awak, nadjan tjek napsoe keukeuh peuteukeuh karep kana hidji roepa anoe teu moenasabah djeung kaaauan oe-rang, eta oeloh digoegoe, sabab napsoe mah woengkoel lolobana matak kadoehoeng badan anoe katenpoenan.

Tsah! bapa ajeuna reu ngadjawab pananja silaing koemaha? naon? ata wa salin anoe diseboet adil, eta pananja silaing henteu gampang-gam-pang dijedjawabna, zarana anoe baris nanjana oge lain silaing pidjalma-nana deui anoe baris ditanjana lain palebah bapa anoe baris ngadjawab-na, tapi koe lantaran ajeuna silaing geus pok nanja ka bapa, sabissiisa sa aja aja, koe bapa rek diterangkeun sapamanggil bapa, ari djeung bener-na pisan mah pimancaun, ngan bapa mah rek njaritateun alocen noe geus katjoektjroek, tapak anoe geus katin-tjuk, loewang anoe geus kasorong, ka-tempoehan bapa djadi kolot, toeroeg-toeroeg bapa tob kawadjabanana ma-patahan ka anak, djeung lamoen tji-rita' atawa papatali bapa geus kade-nge koe tjeuli silaing, poma poma koe silaing koedoe dijedjawabna, sarta koe doe diestokeun sing ati-ati, malah bu-pa geus nampa piwoeroek aki silaing noe kateduh djenenganana aki Lamoen

Baris disamboeng.

Maoerna kieu: ari kana papatah bapa mangka hade oeloh rek kaloeli² salawas na koedoe didjieun paripih, oeloh asoep ti katoehoe kaloear ti kentja tje mah geuning.

Enggong oerang hiroep teh teu soewoeng-soewoeng reureudjeungan djeung godoga rantjana, pamaksedan hude sarera pada boga karep, pada boga hajang euj, ngan eta karep ha-de teh, pagaliwota bae djeung karep goreng, sarta karep hude katjida heng kerna (elehan), moenggoeh palebah orung mah.

Koe sabab eta anoe dingaranan adil oge, teu koedoe koedoe ajana di noe dijdi Hakim bae, atawa dipang-kut, sanadjan oerang oge koedoe nije-kele ngaran adil, ejeuna dewek rek njaritateun awak sorangan bae, teu rek njaritateun awak batoer tjek kolo-t mah pamali; kitoe deui dewek rek njarita teh anoe barat moesta-hil pisan, dioepamakeun dewek ka soempingan MALAIKAT, toekang njabot njiwa, sarta nanje kieu ka dewek: ajeuna salalsuorang koedoe aja anoe ditjaboet njawana saha koe bupa anoe rek diposarakeun ti heu-la, 1-1 na, Bapa, ema, anak, nja roepata siluung, doeloer, djeung deu-ngoun-deungeun, tangtoe dijedjawab koe bapa kieu ke heula anan koering mah, ajeuna mangga bae tjaboet nji-wana deungeun, geus deungeun, pagetona datang deui, pok deui nanja: ajeuna saha?, walon deui koe bapa ke heulaanau koering mah, mangga bae baraja, geus ditjaboet njawana, pagetona deui djol datang bari nanja deui, tanah! ajeuna tjenah kari saha? tangtoe dijedjawab koe bapa mangga bae tjaboet njawana doeloer, djeung sanocloejna ti batan njabot njawana anak djeung pamadjikan oge top teuing.

Di palebah dinja rarasaan bapa a-noe katjida adjina, tapi oepama koe oerang di pikir saliwt; oepama ha-joh dipikir, dilenjepan, dilemeskeun bapa teh ngan ockoer kagalibah Ma-noesa bae, adat istiadat anoe geus pageuh, geus manueuh, sok hajang ngeunah sorangan, hajang hiroep so-rangan, henteu dipikir deungeun ba-raja, atawa doeloer teh, sareea bae ka kahajang djeung bapa, ngan bedana teh bapa mah aja kawenangan noe-doehkeun ti heula, pangna bapa em-boeng paeli ti heula oge, tangtoe aja pikiran atawa sangkaan eta paeli teh teu ngeunah, naha? atoeh ari ka bat-ter teu dijedjawab baris ka teu-ngeunahneunana, ana kitoe bapa teh hukukatna mah teu adil; Tapi nja keukeuh bae ari tjek si napsoe mah bajang diseboet adil, malah lamoen aja anoe njaritateun toekangeun ka-bapa jen bapa Kalo teh teu adil, ma-na teuing bapa nya anarash, kadang-kadang koe bapa ditampiling koe tja-rita bae mah, memang geus ilahar Manoesa sanadjan roemasa dina ha-tena sorangan ngakoe salah, tapi ari diseboet batoer inah keukeuh bae njeboet teu narima, weleh teu dae-keun balaka, da eta adat kamanoesa an mah toemimpel bae, koemaha da ngeunah diolo teh, anoe matak dja-di djelema sabisa bisa koedoe sili-o eu, bohong bohong goena.

Baris disamboeng.

Moesa Disajakoesemah.

Angkatan Coeroe - goeroe.

Djr. Nataatmadja H. O. Tjimahi ngaih ka Lewo Djr. Soewardi H. O. Lewo ka Tjimahi. R. Djajasasmita M. G. sakola III No. 8 Batavi lireu sa-reng hormat. Gentosa Djr. Saadi M. G. Tjakoeng ka sakola No. 8.

Benoemu ka Tjatoeng tina H. O. Tjatoeng Djr. Mb. Koerdi,

M. Soedir Doewardi ti Pandeglang benoemd Onderw. H. I. S. II di Ta-sikmalaja.

Djr. M. Idrees H. O. Balaradja Be-tawi ngaih ka Panieglang Djr. Jeda-winata benoemd H. O. Balaradja.

na pisan nih ngan toekang ngopi djeung emamna bae.

Imahra l'a Endjoem, anoe satadi-na ng-in rek di tepas bae djeung ngindjeun tepas tatanggana tpi ajeu-na mah sigana kapaksa make sosom-pang, toeroeg-toeroeg rea hiraseun, ma'olem rea tatanggana djeung kakara ajeuna minangkana Pa Endjoem boga hadjat atoeh rea anoe noeloeng, ngala-djanoer, daoen tjaringin, kembang boeboeaj sagala aja, nja djadi balan-dongan leutik djeung tegep papaesna.

Aja deui kabeneranana, djal pan-toen ngaliwat, tamaa tiiseun djen-treng bae sapeuputing mantuo mi-lili lagoe anoe rea perang djeung rea

pangwawaasna panganten; nepi ka doe peuting.

Di sadjero rame rame kitoe ari pi-kirna Bi Inot mah salempong bae doemeh panganteu lauki anoe misti-na geus njandang teh, bet ameng ma-uli lieuk beuheng sosongketuan na koemaha, iraha soempingna, padahal poe ajeuna teh koedoe geus ngadeu-beus ka Katjamatan, saperti biasana dipariksa heula.

Lain Bi Inot bae, sarereu oge pada ngarep-ngarep djeung hajang geur-nyaho di panganten lafakina, rea anoe naranga, iraha koemaha malah rawa-reh njangka bae ngabedokeun, pis-koemahaun teuing toengtoengna pating lalloed teu poegosh, nja ari enja-enja

K A B A R .

(Tina z. k. Walanda)

Djepang aja maksoed rek ejien bidji kapal silem panggede-gedena di doonja. Tigideseunana 1700 ton.

—o—

Lantaran aja bitoe di diero mijin di Dortsfeld (Duitschland) 41 koeli maot.

—o—

Di Rusland aja pembrontakan gede. Serdadeo-serdadeo Rusland-bodas (wit-Rusland) noe reana aja 60,000 oerang, dikapalan koe generaal Bozovsky, geus nempoeh sarta ngabojong provincie Minsk.

Rusland-merah noe rek nahen pem-brontakan dikapalan koe Budenny.

—o—

Aja hawar-hawar noe berontak di Marocco teh dibantoean koe oerang

—o—

“I must have one of those”

ATAWA

Saja moesti ada satoe dari itoe

Begitolah kata H. M. KING GEORGE, RADJA INGGERIS, sesodih periksa ke-danjang VULPENHOUDER MERK “THE SCOUT”, vaktoe beliau koendjoengi Ten-toontseling ‘he British Industries Fair di Whity City, pada tanggal 6 Mei 1924. Begitoe djoege beliau bilang lagi ini ada Truly wonderful atau Gandi² sekali, sebab beliau beloem pernah liat lagi satoe Vulpenhouder ada begitoe bagoes dan begitoe merah se-peti VULPENHOUDER MERK “THE SCOUT”. Toelisan ini ada kita sali dari The “Daily News” of Tuesday, May 8th 1924. satoe soerat kabar Inggris yang besar di England. Keadaanji VULPENHOUDER MERK “THE SCOUT”; batangnya besar biasa: bertjorak itam kilat; pakai pekakas isi tinta sendiri zonder pomp; matapen dari Gold-plated masi, toelisan enteng dan tintjanja rata; compleet dengan Club (pengantongan). Harganya perutuk f 2,50. Sekalian beli lagi 1 reserve pen harganya f 0,50 ongkos kirim di post f 0,75 tambah.

Importeur:

Boekhandel Auw Pit Seng

Medan.

N. B. Tentang ini Scout-pen, toean Parada harap, Hooldredacteur Bintang Hindia ada toelis seperti berikut:

Boekhandel Auw Pit Seng.

Kiriman toean satoe vulpenhouder merk Scout, bersama 3 reserve pen soedah kita terima dengan baik. Soenggoeh kita amat heran sekali dengan kebagoesan pena itoe, tidak kalab dengan si f 12, — soenggoehpoen orang dengan dooit f 2,50 soedah bisa penehkan satoe vulpen yang indah begitoe.

31 Toko Boekoe

L. A. LEZER.

PIKEUN SAKOLA!

Kertas gambar anggoeun blinde

kaar, sameter f 0,80

id. lambaran, salambar f 0,1

